

## Fich Enfòmasyon # 22: Lè ki Travay Dapre Lwa sou Nòm Travay Ekitab la (FLSA: Fair Labor Standards Act)

Fich enfòmasyon sa bay jeneral enfòmasyon konsènan sa ki konstitye tan ki konpansab selon [FLSA](#) a. Lwa a egzije ke anplwaye yo dwe resevwa omwen [salè minimòm](#) nan epi yo pa ka anplwaye pou plis ke 40 è nan yon semèn san yo pa resevwa omwen yon fwa edmi tarif pèman regilye yo pou [lè siplemantè](#) yo. Montan anplwaye yo ta dwe resevwa a pa ka detèmine san yo pa konnen kantite lè yo travay.

### Definisyon "Anboche"

Pa definisyon legal, tèm "anboche" a se "tolere oswa pèmèt yon moun travay." Semèn travay la genyen ladan I dabitid tout tan yo egzije yon anplwaye pou li nan lokal mèt travay yo, an fonksyon oswa nan yon plas travay yo prevwa. "Jounen Travay", anjeneral vle di, peryòd ant tan oswa nenpòt jou patikilye lè anplwaye sa komanse "aktivite prensipal" li ak tan nan jounen sa li kanpe aktivite prensipal sa oswa aktivite sa yo. Alò jounen travay la ka pi long ke orè yo prevwa a, lè, tou pou travay oswa tan nan liy pwodiksyon.

### Aplikasyon Prensip yo

Anplwaye yo "Tolere oswa Pèmèt" pou travay: Travay yo pa mande men yo tolere oswa yo pèmèt pou fèt, se lè travay ki dwe peye pa anplwayè a. Pa egzanp, yon anplwaye ka kontinye travay volontèman nan fen orè a pou fini yon tach yo te asinye I oswa pou korije erè. Rezon an pa materyèl. Lè yo se tan travay e yo fèt pou touche.

**Tan Atant:** Menm si tan atant se lè travay selon Lwa a, sa depann de ki konsekans. Jeneralman, fè yo ka montre ke anplwaye a te angaje pou tann (ki se lè travay) oubyen fè yo ka montre ke mèt travay la t ap tann pou I angaje (ki se pa lè travay). Pa egzanp, yon sekretè k ap li yon liv pandan I ap tann lòd yon ponpye k ap jwe dam pandan I ap tann yon alam ap travay pandan peryòd inakson sa. Anplwaye sa yo te "angaje pou tann."

**Tan Disponib:** Yon anplwaye ke yo egzije pou rete disponib nan lokal anplwayè ap travay pandan li "disponib la." Yon anplwaye ke yo mande pou rete disponib lakay li, oswa yo otorize pou kite yon mesaj ki kote yo ka jwenn li, p ap travay (nan pifò ka) pandan li disponib la. Lòt kontrent sou libète anplwaye a ka egzije tan sa pou li konpanse.

**Peryòd pou Repo ak Repa:** Peryòd repo ki kout, dabitid 20 minit oswa mwens, komen nan izin (epi pwomouvwa efikasite anplwaye a) epi yo peye yo dabitid pou lè travay. Peryòd kout sa yo dwe konte kòm lè ki travay. Pwolonjman ki pa otorize nan poz ki otorize yo dwe konte kòm lè ki travay lè mèt travay la te kominike eksprèsman epi san anbigwite ak anplwaye a ke poz ki otorize a ka dire sèlman pou yon dire tan presi, ke tout pwolonjman pos la kontré ak règleman mèt travay la, epi tout pwolonjman poz la ap pini. Peryòd repa efektiv (tipikman 30 minit oswa plis) dwe konpanse jeneralman kòm lè travay. Travayè a dwe relve konplètman nan fonksyon I nan objektif pou I manje repa nòmal li. Travayè a pa relve si yo mande I fè nenpòt travay ke li aktif oswa inaktif pandan I ap manje.

**Lè Dòmi ak Sèten Lòt Aktivite:** Yon anplwaye yo mande pou an fonksyon pou mwens ke 24 è ap travay menm si yo pèmèt li dòmi oubyen angaje I nan lòt aktivite pèsonèl lè I pa okipe. Yon anplwaye yo egzije pou I an fonksyon pou 24 è oswa plis ka dakò ak mèt travay la pou retire nan lè efektif li travay yo peryòd dòmi

ki planifye regilyèman ki pa plis ke 8 è, depi mèt travay la bay bon jan enstalasyon pou dòmi epi anplwaye a ka pwofite dabitud de yon nwi somèy san entèripsyon. Yo pa pèmèt okenn rediksyon sof si yo pran omwen 5 èdtan somèy.

**Pwogram Konferans, Rankont ak Fòmasyon:** Patisipasyon nan pwogram konferans, rankont ak aktivite ki menm jan pa bezwen konte kòm lè travay sèlman si kat kritè sa yo reyini, sètadi: li pa nan orè nòmal travay, li volontè, pa gen rapò ak djòb la, epi okenn lòt travay pap fèt aktyèlman.

**Tan Vwayaj:** Prencip ki aplike lè y ap detèmine si tan ki pase nan vwayaj la konpansab depann de kalite vwayaj ki enplike a.

**Vwayaj soti Lakay pou ale nan Travay:** Yon anplwaye ki vwayaje soti lakay li anvan jounen travay regilye a epi retounen lakay li nan fen yon jounen travay, angaje nan yon vwayaj soti lakay li a travay la, ki pa lè travay.

**Soti Lakay pou ale nan Travay nan Yon Misyon Yon Jou Espesyal nan Yon Lòt Vil:** Yon anplwaye ki travay regilyèman nan yon kote fiks nan yon vil ke yo bay yon misyon espesyal pou yon jou nan yon lòt vil epi retounen lakay li nan menm jou a. Tan li pase nan vwayaje ale epi retounen nan lòt vil la se lè travay, sof si anplwaye a ka dedwi/pa konte tan sa anplwaye a t ap pase nòmalman pou vwayaje nan lokal travay nòmal la.

**Vwayaj Ki nan Tout yon Jounen Travay:** Tan ki pase pa yon anplwaye ki anvwayaj kòm yon pati aktivite prensipal, tankou vwayaj soti nan lokal travay la pandan jounen travay la, se lè travay epi yo dwe konte kòm lè ki travay.

**Vwayaje Lwen Kominote Orijin nan:** Vwayaj ki kenbe yon anplwaye lwen lakay li pou lannwit se travay ki lwen lakay li. Vwyaj lwen lakay yon anplwaye se kareman lè travay lè li koupe jounen travay anplwaye a. Lè a pa senpleman lè travay pou jounen travay regilye pandan lè travay nòmal men tou pandan lè ki koresponn ak jou ki pa gen travay yo. Antanke yon règleman ki an aplikasyon, Divizyon an a pap konsidere kòm lè travay tan ki pase nan vwayaje lwen kay la nan lè ki pa lè travay nòmal tankou yon pasaje ki nan avyon, tren, bato, bis, oswa otomobil.

### **Pwoblèm Tipik yo**

Pwoble yo soulve lè mèt travay yo pa rekonèt epi konte kèk lè ki travay kòm lè ki lè ke yo dwe peye. Pa egzanp, yon travayè ki rete nan biwo pandan l ap manje nan lench epi ki reponn telefòn epi transfere apèl yo regilyèman, ap travay. Tan sa dwe konte epi peye kòm lè ki travay ki konpansab paske anplwaye a pat relve konplètman nan fonksyon li.

### **Kote pou Jwenn Lòt Enfòmasyon**

**Pou plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt Divizyon Salè ak Lè a (Wage and Hour Division): <http://www.wagehour.dol.gov> epi/oswa rele liy enfòmasyon ak asistans gratis nou an, ki disponib de 8 è a.m. jiska 5 è p.m. nan fizo orè ou a, 1-866-4USWAGE (1-866-487-9243).**

Biblikasyon sa se pou enfòmasyon jeneral e yo pa dwe konsidere I nan menm fason ak deklarasyon pozisyon ofisyèl ki genyen nan règleman sa yo.

**Department of Labor**  
Frances Perkins Building  
200 Constitution Avenue, NW  
Washington, DC 20210

**1-866-4-USWAGE**  
TTY: 1-866-487-9243  
[Contact Us](#)